

Enstriksyon Suprep yo

Dòz separe

Refere ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon preparasyon entesten yo, **PA** sa ki vin ansanm ak medikaman yo. Rezilta tè sà yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan l. Poupou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

2 Jou anvan pwosedi ou a-Kòmanse pran yon rejim ki pa gen anpil fib. **(W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo pi ba a)**

BAGAY ki BON pou manje:

Soup, pwason, blan poul, zèl poul, ze, diri blan, bonbon sèl, yogout antye (limit 2 vè), ji fwi ki klè, te oswa soda ki klè, nouy, espageti, makawoni, pòm detè san po a, bouyon, Jello, sisèt glase ak fwi, sisèt glase, jele, sèl, pwav ak sik (Pa pran bagay ki Wouj oswa Vyolèt).

SA KI ENTÈDI YO

Fwi (fre oswa sèch), po fwi, nwa, grenn, legim, rezen, jiwòf (yon kalite epis), ak jele ki gen fwi ladan l

1 jou anvan pwosedi w la

- **12 AM:** Kòmanse yon **rejim a likid klè** nan maten sa a epi kontinye konsa pandan tout jounen an. *Menm si enstriksyon ki sou kit preparasyon an di ou kapab pran yon dejene ki lejè, nan jou sa a, **PA** konsome okenn lòt bagay ke likid klè nan tout jounen an pou asire w netwaye trip ou byen.* **(W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo nan kazye ki pi ba a)**

BON bagay pou manje:

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bèf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di. (Ki pa wouj ni vyolèt)

SA KI ENTÈDI YO:

Pwoudui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bè), pwoudui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwoudui "san laktoz" yo), nenpòt bagay ki gen tent Wouj oswa Vyolèt ladan yo, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj)

- **6PM:** Kòmanse bwè 1ye dòz preparasyon w lan.
 - Etap 1:** Vide 1 boutèy (6 ons) likid SUPREP nan veso pou fè melanj lan. Ajoute dlo fre epi ranpli li rive nan liy 16 ons lan epi melanje l. Bwè tout likid ki nan veso an.
 - Etap 2:** Ou **DWE** bwè de lòt vè dlo 16 ons pandan pwochen èdtan an. Itilize veso ki vid la pou fè sa a.
- **Asire w pran anpil likid** paske sa ap ede w pa dezidrate epi sa ap ede nan netwayaj kolon an.

Jou Pwosedì w la

- **5 èdtan anvan lè w ap rive a: Kòmanse pran Dòz 2** nan Kit Preparasyon w lan.
Etap 1: Vide 1 boutèy (6 ons) likid SUPREP nan veso pou fè melanj lan. Ajoute dlo fre epi ranpli li rive nan liy 16 ons lan epi melanje l. Bwè tout likid ki nan veso an.
Etap 2: Ou **DWE** bwè de lòt vè dlo 16 ons pandan pwochen èdtan an. Itilize veso ki vid la pou fè sa a. **OU DWE FINI L 3 ÈDTAN ANVAN PWOSEDI W LA**
- **3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN** jiskaske w fin fè tès la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedì w la oswa yo ka menm anile l.

**Pou jwenn yon kat epay-koupon, ale sou www.suprep.com/Savings

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516